

BAB III

METODOLOGI PANALUNGTIKAN

3.1 Méthode, Desain, jeung Téknik Panalungtikan

3.1.1 Méthode Panalungtikan


Dumasar kana tujuan anu hayang dihontal, ieu panalungtikan téh ngagunakeun méthode Panalungtikan Tindakan Kelas (PTK). Numutkeun Ebbut (dina skripsi karya Zaine, 2011) panalungtikan tindakan kelas mangrupa kajian sistematis tina upaya pikeun ngaropéa praktik atikan ku guru ku cara ngalakukeun tindakan – tindakan dina kagiatan pembelajaran dumasar kana refleksi ngeunaan hasil tina tindakan kasebut. Aya tilu kecap anu ngawangun PTK, nya éta saperti ieu didandap.

- 1) Panalungtikan, hiji kagiatan anu nalaah hiji objék ku cara ngagunakeun cara jeung aturan metodologi anu tangtu pikeun meunangkeun data atawa informasi anu miboga mangpaat dina ngaronjatkeun kualitas hiji hal anu ngirut minat.
- 2) Tindakan, kagiatan anu ngahaja dilakukeun sarta miboga tujuan anu tangtu.
- 3) Kelas, dina hal ieu teu ngawengku ruangan kelas, tapi dina hal ieu nu dimaksud kelas téh nya éta sakelompok siswa dina waktu anu sarua, narima pangajaran anu sarua ti guru anu sarua ogé.

3.1.2 Desain Panalungtikan

Numutkeun Kemmis jeung Mc Taggart (dina Rafi'uddin, 1996) panalungtikan tindakan bisa ditingal salaku hiji siklus spiral tina penyusunan perencanaan, pelaksanaan tindakan, pengamatan (observasi), jeung refleksi anu saterusna bisa ogé diiluan ku siklus spiral salajengna.

Sangkan leuwih jéntré, titénan diagram di handap.



Gambar 3.1
Diagram alur PTK
Kemmis & MC Taggart (Rafi'udin 1997)

Numutkeun diagram diluhur, tahap – tahap panalungtikan bisa katitén dina katerangan dihandap ieu.

- 1) Refleksi awal. Tahap ieu dimaksudkeun salaku kagiatan penjajakan nu dimangpaatkeun pikeun ngumpulkeun informasi ngeunaan situasi-situasi nu rélevan jeung téma panalungtikan.
- 2) Rancangan tindakan. Tahap ieu dadasar tina hasil refleksi awal. Lamun dirinci, rarancang tindakan téh ngawengku tindakan anu rék dilakukeun pikeun menerkeun, ningkatkeun atawa ngarubah polah anu dipikahayang salaku solusi tina masalah anu sipatna *fleksibel* dina harti bisa robah saluyu kana situasi jeung kondisi.

- 3) Pelaksanaan tindakan. Tahap ieu nyoko kana naon anu dilakukeun ku panalungtik salaku upaya pikeun menerkeun, ningkatkeun atawa ngarobah dumasar kana rarancang tindakan.
- 4) Observasi. Tahap observasi ieu nyoko kana instrumen panalungtikan. Dina kagiatan ieu panalungtik nalungtik hasil atawa dampak tina tindakan anu dilakukeun ka siswa.
- 5) Refleksi. Tahap refleksi ieu mangrupa kagiatan analisis sarta interpretasi kana sakabéh informasi hasil tina kagiatan tindakan. Dina kagiatan ieu, panalungtik neuleuman sarta mertimbangkeun hasil – hasil tina tindakan. Ngaliwatan refleksi anu jero, bisa ditarik kacindekan. Réfleksi mangrupa bagian anu penting dina panalungtikan tindakan kelas, nya éta pikeun maham kana prosés jeung hasil anu aya, anu mangrupa parobahan salaku akibat tina tindakan anu geus dilakukeun.

3.1.3 Téknik Panalungtikan

1. Téknik Ngumpulkeun Data

Téknik anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan ngawengku tés kamampuh siswa, observasi, jeung catetan lapangan.

a. Tés Kamampuh Siswa

Tés kamampuh siswa dilaksanakeun pikeun mikanyaho jeung ngukur hasil diajar siswa dina pangajaran ngaregepkeun rumpaka tembang kalayan ngagunakeun media *audio visual*. Tés ieu dilaksanakeun ngaliwatan tés tulisan diunggal tahap pangajaran pikeun mikanyaho jeung ngukur kamampuh siswa dina ngaregepkeun rumpaka tembang, ti mimiti pra-panalungtikan, siklus I, jeung siklus II.

b. Observasi

Observasi dina ieu panalungtikan dilakukeun pikeun nalungtik aktivitas antara guru jeung siswa dina prosés diajar ngajar. Daryanto (2012:15) nétélakeun yén nu jadi objek observasi téh nya éta kajadian-kajadian nu lumangsung sacara

alami. Format observasi dina ieu panalungtikan ngawengku lembar observasi ka guru jeung lembar observasi ka siswa, anu langsung dieusian ku *observer*.

c. Catetan Lapangan

Catetan lapangan mangrupa instrumen pikeun nyatet sagala kajadian anu karandapan dumasar kana tindakan anu dilakukeun ku guru, anu gunana pikeun nempo perkembangan tindakan jeung perkembangan siswa dina ngalakukeun prosés pangajaran (Sanjaya, 2009:98). Dina catetan lapangan ieu, dieusian ku hasil observasi, réaksi, jeung refleksi panalungtikan nalika lumangsungna prosés pangajaran.

2. Alat Ngumpulkeun Data

Alat ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan, nya éta : 1) lambaran téés, 2) lambaran obsérvasi, jeung 3) catetan lapangan.

a. Lambaran Téés

Lambar téés anu diujikeun dina ieu panalungtikan, mangrupa paréntah anu kudu dilakukeun ku siswa salila ngalaksanakeun pangajaran ngaregepkeun rumpaka tembang. Saacan lambar téés dibikeun ka siswa kelas IX B SMP N 14 Bandung, nu nalungtik mikeun heula ieu soal ka kelas X AP (Administrasi Perkantoran) SMK N Manonjaya pikeun diuji cobakeun, sabab kelas X geus pernah ngalaman pangajaran ngaregepkeun rumpaka tembang nalika kelas IX.

1) Uji Validitas Butir Soal

Validitas soal mangrupa ukuran ketepatan soal. Numutkeun Arikunto, Suharsimi (1998:160) "*validitas adalah suatu ukuran yang menunjukkan tingkat kevalidan atau kesahihan sesuatu instrumen. Suatu instrumen yang valid atau sah mempunyai validitas tinggi. Sebaliknya instrumen yang kurang valid berarti memiliki validitas rendah.*" Pikeun ngitung koevisien validitas dina panalungtikan nu dilaksanakeun, nu nalungtik ngagunakeun rumus korelasi *product moment angka kasar* (Arikunto, 1998:162).

Rumusna nya éta :

$$r_{xy} = \frac{N(\sum XY) - (\sum X)(\sum Y)}{\sqrt{(N \sum X^2 - (\sum X)^2)(N \sum Y^2 - (\sum Y)^2)}}$$

Katerangan :

r_{xy} = Koefisien validitas butir soal

n = Banyaknya peserta tes

X = Skor setiap butir soal

Y = Skor total butir soal

Klasifikasi interpretasi koefisien korelasi numutkeun Guilford, (dina Widaningsih, Dedeh 2008:4d) nya éta saperti ieu di handap.

$0,90 \leq r_{xy} \leq 1,00$ Validitas sangat tinggi (sangat baik)

$0,70 \leq r_{xy} < 0,90$ Validitas tinggi (baik)

$0,40 \leq r_{xy} < 0,70$ Validitas sedang (cukup)

$0,20 \leq r_{xy} < 0,40$ Validitas rendah (kurang)

$0,00 < r_{xy} < 0,20$ Validitas sangat rendah, dan

$r_{xy} \leq 0,00$ Tidak valid

Hasil perhitungan uji validitas butir soal tés kamampuh siswa dina pangajaran ngaregepkeun rumpaka tembang pupuh Sekar Ageung ngagunakeun media audio visual bisa katitén dian lampiran, hasilna aya dina tabel 3.1 di handap.

Tabel 3.1
Validitas Butir Soal Tés Kamampuh Siswa

No. Soal	Koefisien Validitas	Derajat Validitas	Keterangan
1	0,77	Tinggi	Digunakan
2	0,78	Tinggi	Digunakan
3	0,66	Sedang	Digunakan
4	0,64	Sedang	Digunakan

5	0,63	Sedang	Digunakan
6	0,44	Sedang	Digunakan
7	0,78	Tinggi	Digunakan
8	0,43	Sedang	Digunakan
9	0,70	Tinggi	Digunakan
10	0,51	Sedang	Digunakan
11	0,75	Tinggi	Digunakan
12	0,64	Sedang	Digunakan
13	0,76	Tinggi	Digunakan
14	0,77	Tinggi	Digunakan
15	0,82	Tinggi	Digunakan
16	0,65	Sedang	Digunakan
17	0,60	Sedang	Digunakan
18	0,70	Tinggi	Digunakan
19	0,77	Tinggi	Digunakan
20	0,88	Tinggi	Digunakan

2) Uji Reliabilitas

Reliabilitas aya hubunganana jeung *ketetapan*. Pikeun ngukur reliabilitas tés bentuk uraian, ngagunakeun rumus *Alpha Cronbach* saperti ieu di handap.

$$r_{11} = \left(\frac{n}{n-1} \right) \left(1 - \frac{\sum S_i^2}{\sum S_t^2} \right)$$

Keterangan :

r_{11} = Koefisien reliabilitas

n = Banyaknya soal

$\sum S_i^2$ = Jumlah varians skor

S_t^2 = Varians skor total

Klasifikasi interpretasi koefisien korelasi numutkeun Guilford, J.P (Widaningsih, Dede 2008:4d) nya éta saperti ieu di handap.

$r_{11} < 0,20$ Derajat reliabilitas sangat rendah

$0,20 \leq r_{11} < 0,40$ Derajat reliabilitas rendah

$0,40 \leq r_{11} < 0,70$ Derajat reliabilitas sedang

Karina Barliani , 2013

Media audio visual pikeun ngaronjatkeun kamampuh ngaregepkeun tembang pupuh sekar ageung

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

$0,70 \leq r_{11} < 0,90$ Derajat reliabilitas tinggi

$0,90 \leq r_{11} \leq 1,00$ Derajat reliabilitas sangat tinggi

Numutkeun hasil itungan tés kamampuh siswa dipaluruh hasil $r_{11} = 0,94$. Ku kituna, soal tés kamampuh siswa asup kana kategori reliabilitas sangat tinggi.

Ditilik tina validitas butir soal jeung reliabilitas instrumen nu geus dijenrékeun, bisa dicindekkeun yén soal tés kamampuh siswa layak pikeun digunakeun dina ieu panalungtikan. Hasil itungan uji validitas jeung reliabilitas bisa katitén dina lampiran.

Ngaregepkeun Rumpaka Tembang Pupuh Sekar Ageung

Eusian patalékan – patalékan di handap !

Kinanti

1. Budak leutik dina pupuh Kinanti, sok liar (ngapungna) wayah naon?
2. Naon nu ditéangan ku éta budak leutik?
3. Ngadon naon cenah éta budak leutik lamun beurang-beurang aleuntreup dina tangkal kai?
4. Kumaha disadana éta budak leutik téh?
5. Naon nu dimaksud “budak leutik” dina éta pupuh?

Sinom

6. Dina pupuh Sinom nu tadi, naon nu jadi udagan manusa di dunya, malahan tepi ka ngahalalkeun sagala cara?
7. Naon nu sok kapopohokeun ku jalma di dunya téh?
8. Dina pupuh Sinom nu tadi, naon anu bisa nedunan sagala kahayang téh?
9. Naon sasruaan harta jeung harti?
10. Naon bédana harta jeung harti?

Asmarandana

11. Saha musafir anu keur sila sisi jalan?
12. Ku saha éta musafir téh kadupakna?

13. Naha bet éta musafir jadi sasadu ménta hampura sanggeus nempo ka jalma anu ngadupakna?
14. Naon nu dilakukeun ku ngadupak (nu balangsiar) sanggeus manéhna labuh nindihan musafir?
15. Ahirna musafir jeung nu balangsiar jadi sosobatan dalit, jeung musafir bisa ngabantuan nu balangsiar dina néangan sandang pangan ku cara.....

Dangdanggula

16. Lambang RI jero pisan hartina lamun ku urang di.....
17. Naon lambang Naara Republik Indonesia?
18. Naon Semboyan Nagara urang?
19. Naon harti Semboyan Nagara urang?
20. Naon nu jadi wujud Bangsa Indonesia, dina pupuh Dangdanggula nu tadi?

b. Lambaran Obsérvasi

Lambaran obsérvasi mangrupa salasahiji instrumen anu dipake pikeun ngumpulkeun data dina panalungtikan. dina observasi ieu aya dua hal anu ditalungtik, nya éta lambar obsérvasi aktivitas guru jeung lambar obsérvasi aktivitas siswa.

1. Lambaran Observasi Aktivitas Guru

Observer niténan langsung jeung ngaévaluasi panalungtik (guru) nalika keur ngajar salila lumangsungna prosés KBM.

Lembar Observasi Aktivitas Guru

Wasta Obsérver :

Poé, ping :

Jam :

Karina Barliani , 2013

Media audio visual pikeun ngaronjatkeun kamampuh ngaregepkeun tembang pupuh sekar ageung

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Standar Kompetensi : *9.1 Mampu menyimak untuk memahami dan menanggapi wacana lisan yang berupateks pidato/khotbah, lirik lagu jenis tembang, dan pembacaan cerita pendek.*

Kompetensi Dasar : *9.1.2 Menyimak lirik (rumpaka) lagu – lagu jenis tembang.*

No.	Aktivitas	Ya	Tidak	Komentar
1.	Kegiatan Awal a. Nuliskeun topik pangajaran, ngabsén. b. Ngajelaskeun ngeunaan tujuan pembelajaran c. Méré apersepsi jeung motivasi. d. Ngainstruksikeun siswa sangkan ngaregepkeun materi nu rék diajarkeun.			
2.	Kegiatan Inti a. Méré materi pangajaran ngeunaan ngaregepkeun rumpaka tembang. b. Mapagahan siswa sangkan bisa ngaregepkeun tembang anu rék disetél ngaliwatan media <i>audio visual</i> . c. Nyetél tembang ngaliwatan media <i>audio visual</i> .			

	<p>d. Ngabimbing siswa sangkan bisa ngaregepkeun kalawan daria</p> <p>e. Méré kasempetan ka siswa pikeun nanya.</p>			
2.	<p>Kegiatan ahir</p> <p>a. Negeskeun deui matéri pangajaran anu geus ditepikeun</p> <p>b. Ngalaksanakeun tes.</p> <p>c. Mungkas kagiatan pangajaran.</p>			
Jumlah				

Catatan Obsérver :

Bandung, Nopember 2012

Observer

Nu Nalungtik

Karina Barliani

NIM. 0902488

2. Lambaran Observasi Aktivitas Siswa

Observer niténan aktivitas siswa salila lumangsungna prosés pangajaran anu aya patalina jeung motivasi anu tumuwuh salila prosés pangajaran.

Lembar Obsérvasi Aktivitas Siswa

Wasta Obsérver :

Poé, Ping :

Jam :

Standar Kompetensi : 9.1 Mampu menyimak untuk memahami dan menanggapi wacana lisan Yng berupa téks pidato/khutbah, lirik lagu jenis tembang, dan pembacaan cerita pendek.

Kompetensi Dasar : 9.1.2 menyimak lirik (rumpaka) lagu – lagu jenis tembang.

No.	Aktivitas	Ya	Tidak	Komentar
1.	Kegiatan Awal a. Nurut nalika dikondisikeun b. Ngarti kana apersepsi materi anu rék diterangkeun c. Sumanget jeung ngabogaan motivasi diajar d. Ngarti kana tujuan jeung léngkah-léngkah pangajaran anu kudu			

	dihontal salila pangajaran			
2.	<p>Kegiatan Inti</p> <p>a. Ngabandungan materi ngeunaan ngaregepkeun rumpaka tembang.</p> <p>b. Siswa kalibet kana pangajaran nagregepkeun rumpaka tembang nu disetel ngaliwatan media <i>audio visual</i>.</p> <p>c. Segep dina ngabandungan rumpaka tembang anu di setel ngaliwatan media <i>audio visual</i>.</p> <p>d. Siswa nanyakeun ngeunaan kekecapan anu kurang dipikaharti.</p>			
2.	<p>Kegiatan ahir</p> <p>a. Siswa ngalaksanakeun tes.</p> <p>b. Siswa merhatikeun kana penegasan materi.</p> <p>c. Mungkas kagiatan pangajaran.</p>			
	Jumlah			

Catetan Observer :

Bandung, Nopember 2012

Observer

Nu Nalungtik

Karina Barliani**NIM 0902488****c. Catetan Lapangan**

Catetan lapangan dieusian ku *observer* salaku catetan salila prosés pangajaran lumangsung anu mangrupa catetan kajadian dina pangajaran anu henteu nyampak dina lembar obsérvasi.

Lambaran Catetan Lapangan

Wasta Observer :

Poé, Ping :

Jam :

Catetan Lapangan	Refleksi jeung Analisis

Bandung, Nopember 2012

Observer,

NIP/NIM.

3.2 Analisis Data

Analisis data dilakukeun dina unggal siklus, salaku refleksi pikeun parobahan dina siklus satuluyna. Aya sababaraha tahapan dina analisis data, diantarana :

- 1) Ngawilah – wilah data saluyu jeung fokus masalah. Dina tahapan ieu panalungtik ngawilah – wilah data mana anu rék dipaké dina panalungtikan pikeun ngumpulkeun data, tuluy dikumpulkeun dumasar fokus masalahna.
- 2) Napsirkeun data nu geus diwilah – wilah dina wangun pernyataan.
- 3) Nganalisis data anu mangrupa hasil tés ngaregepkeun rumpaka tembang dina unggal tindakan pikeun mikanyaho hasil panalungtikan anu geus ditangtukeun. Kriteria ketuntasan minimal (KKM) mata pelajaran basa Sunda di SMP Negeri 14 Bandung nya éta 75. Siswa dianggap tuntas lamun bisa ngahontal KKM atawa leuwih ti 75, sedengkeun anu disebut can tuntas nya éta siswa anu can ngahontal 75 atawa peunteunna kurang ti 75.
- 4) Nganalisis hasil observasi aktivitas guru jeung siswa ku cara ngitung unggal presentasi tiap kategori dina unggal tindakan anu dilakukeun ku panalungtik jeung ngitung presentasi ti *observer*.
- 5) Nganalisis hasil catetan lapangan salaku hasil refleksi panalungtik kana prosés pangajaran anu teu ditepikeun jeung teu dijelaskeun observasi ku sabab muncul kalawan teu direncanakeun saméméhna salaku bahan tinimbangan pikeun ngalakukeun refleksi anu baris dilarapkeun dina kagiatan pangajaran.
- 6) Ngalakukeun analisis kualitatif, nya éta nyindekkeun ngaronjat henteuna hasil pangajaran anu geus dilaksanakeun dumasar tina hasil observasi kalawan babarengan jeung *observer*.

- 7) Nyindekkeun hasil panalungtikan, dumasar kana analisis hasil observasi anu disaluyukeun jeung tujuan panalungtikan anu dijelaskeun dina kalimah pernyataan.

3.3 Setting Panalungtikan

Setting panalungtikan ngawengku lokasi panalungtikan, subjék panalungtikan, jeung waktu pelaksanaan panalungtikan.

3.3.1 Lokasi Panalungtikan

Panalungtikan tindakan kelas ieu dilakukeun di SMP Negeri 14 Bandung Jln. Lapang Supratman No. 14 Bandung. Jln Lapang Supratman ayana di sagédéngéun Lapang Supratman, payuneun Pusat Senjata Infanteri (PUSSENIIF).

3.3.2 Subjek Panalungtikan

Subjek dina ieu panalungtikan nya éta siswa SMP Negeri 14 Bandung kelas IX B anu jumlahna 38 urang, ngawengku 16 siswa lalaki jeung 22 siswa awéwé.

3.3.3 Waktu Panalungtikan

Panalungtikan ieu dilaksanakeun kurang leuwih sabulan, nya éta bulan Nopember tepi ka Desember 2012.

Tabel 3.2

Waktu Panalungtikan

No.	Kegiatan	Waktu
1.	Pra panalungtikan	6 Nopember 2012
2.	Siklus I	13 Nopember 2012
3.	Siklus II	27 Nopember 2012

3.4 Prosedur Panalungtikan

Prosedur panalungtikan ieu ngawengku sababaraha kagiatan anu dilaksanakeun salila kagiatan panalungtikan, ti mimiti kagiatan awal tepi ka kagiatana ahir, diantaranya saperti ieu di handap.

- 1) Réfleksi awal tina pangajaran ngaregepkeun anu geus diajarkeun.
- 2) Ngaidéntifikasi pasualan di kelas anu ngabalukarkeun munculna pasualan anu karandapan ku siswa dina pangajaran ngaregepkeun rumpaka tembang.
- 3) Netepkeun media pangajaran anu baris digunakeun dina pangajaran ngaregepkeun rumpaka tembang. Ngaliwatan media anu dipilih dina prosés pangajaran, dipiharep dina ngaregepkeun rumpaka tembang kamampuh siswa bisa ngaronjat. Ku kituna media anu dipilih pikeun ngungkulan masalah anu aya nya éta media *audio visual*.
- 4) Netepkeun jumlah siklus salila pelaksanaan PTK, nya éta dua siklus.
- 5) Nganalisis Standar Kompetensi (SK), jeung Kompetensi Dasar (KD).
- 6) Nyusun Rencana Pelaksanaan Pembelajaran (RPP).
- 7) Nyieun instrumen panalungtikan pikeun masing masing siklus anu ngawengku : lambar observasi guru, lambar observasi siswa, jeung catetan lapangan.
- 8) Ngajukeun proposal panalungtikan
- 9) Nyusun bab I, bab II, jeung bab III.
- 10) Prak – prakan pra panalungtikan.
- 11) Prak – prakan siklus I.
- 12) Refleksi tindakan siklus I, anu hasilna digunakeun pikeun parobahan dina nagtukeun perbaikan tindakan dina siklus II.
- 13) Prak – prakan siklus II.
- 14) Refleksi tindakan siklus II, anu hasilna digunakeun salaku kacindekan panalungtikan. Dina siklus II mangrupa siklus pamungkas jeung siklus perbaikan anu pamungkas pikeun mikanyaho ngaronjat atawa henteuna KBM salila diajar ngagunakeun media *audio visual*, jeung siswa bisa ngahontal KKM anu geus ditangtukeun.

- 15) Nyusun bab IV jeung bab V.
- 16) Ujian sidang skripsi panalungtikan.

3.5 Wangenan Operasional

Sangkan ulah aya kasalahan nafsirkeun atawa méré interférensinya nu sarua kana variabel-variabel nu aya dina panalungtikan, perlu ayana définisi nu aya dina judul ngeunaan istilah – istilah nu dipaké. Ku kituna nu nulis baris ngajéntrékeun masalah/variabel ngeunaan istilah nu dipaké.

1) Média *Audio visual*

Média *audio visual* nya éta média anu ngabogaan unsur sora jeung unsur gambar.

2) Ngaregepkeun

Ngaregepkeun nya éta ngadéngékeun kalawan enya – enya ngahartikeunana.

3) Tembang

Tembang nya éta lagu jelema dina pupuh, ngalagu nurutkeun pupuh.

4) Pupuh

Pupuh nya éta guluyurna sora jelema anu ngalagu, sok disebut ogé sekar, lobana aya 17 : Asmarandana, Balakbak, Dangdanggula, Durma, Jurudemung, Gambuh, Gurisa, Kinanti, Ladrang, Lambang, Magatru, Maskumambang, Mijil, Pangkur, Pucung, Sinom, jeung Wirangrong

5) Sekar Ageung

Sekar ageung nya éta papasingan pupuh nu ngawengku pupuh Kinanti, Sinom, Asmarandana, jeung Dangdanggula.